И УНЭЦІЭМ ещхьщ Женя и тепльэри и Іуэху зехьэкІагъэ. Ар цІыху уэрдэщ, бзылъхугъэ гуакІуэщ, и Іэбэкіэраци, «зэІусэм псэ хелъхьэ», жыхуаІэм хуэдэщ. Зыхэтым фІыкІэ къахэщу есащ Женя, сыт хуэдэ Іуэху и пщэ иІыхьи, ар гугъэзэгъауэ зэфІигъэкІынущ. Апхуэдэущ зэрыпсэуар абы щапхъэ хуэхъуа и адэ-анэ Уэрдокъуэхэ Мырзэкъанрэ СэІимэтрэ. Зэрыбынитхум я нэхъыжь Женящ адэ-анэм нэхъыбэрэ щІэгъэкъуэн яхуэхъуари нэхъыщІэхэм щапхъэу яІари. Школми щыапхуэдэт Женя. Ар Іуэху дахэхэм, школ зэхьихьэ хьэлэмэтхэм я жэрдэмщІакІуэт, къызэгъэпэщакІуэт. Жылагъуэ лэжьигъэм щыпэрыт Уэрдокъуэр еджэнми хуэІэижьт. Абы зэхуэдэу къехъуІэрт есэпри тхыдэри, бзэхэри литературэхэри, химиери физикэри, ауэ псом хуэмыдэу абы и псэр дихьэхырт анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Женя ящыщт адыгэбзэм и дахагъыр, Іэфіагъыр, зэфІэкІыр псэкІэ зыхэзыщІэ еджакІуэ цІыкІухэм. А гурыщІэр абы ихуъмащ адэкІэ къыхупища ильэсхэми. Араща ар зэман куэд лъандэрэ зыпэрыт ІэнатІэм хуэзышари.

ЕхъуЛэныгъэ иЕэу курыт школыр Дыгулыбгъуей къуажэм къыщыуха ныужь, Уэрдокъуэр лэжьапІэ уваща «Адыгэ псалъэ» (абы щыгъуэ «Ленин гъуэгу») газетым и редакцэм. Машинисткэ къаІэнхэр зезыхьэ бзылъхугъэ цІыкІум и жанагъымрэ хэлъ жэуапльныгъэмрэ гу лъатэри, мыгувэу ар секретарь-Іуэхуэхьэу ягъэуващ. Хьэл-щэн дахэу иэмыс-рэ зыхэлъ бзылъхугъэм щІэ къыхуащІырт нэхъыжьхэми нэхъыщІэхэми. АнэдэлъхубзкІэ республикэм къыщыдэкІ газет закъуэм я зэманым и редактор нэхъыщхьэу щыта Мэзыхьэ Борис зэрызжиІэжьмкІэ, Уэрдокъуэм къалэн щыпІащІа Іуэхуэм укІэлъымыІэбэжми хъуну, екІуу икІи и чэзум зэфІихырт.

И лэжьыгъэм хуэІэижь хъуами, Уэрдокъуэм и зэфІэкІым адэкІи зэрыхигъэхъуэным хущІэкъуртри, мурад ищІащ абы и щІэныгъэм хигъэхъуэну. Ар и гуращэу Женя щІэтІысхьащ КъБКъУ-м иІэ тхыдэ-филологие факультетым и адыгэбзэ къудамэм икІи, зэрылажьэм хуэдэуэрэ, екъуІэныгъэкІэ ар къиухащ. Армырами тхэным дихьэхыу, ар зэи ІэщІыб зымыщІа бзылъхугъэр иджы редакцэм и къудамэхэм ящыщ зым корреспонденту ягъэкІуащ. Абдежми зэфІэкІыу иІэр нэсу къигъэлъэгъуащ Уэрдокъуэм. Абы и къалэмыпэм къыщІэкІ тхыгъэхэр купщІафІэт, гъащІэм и лъэныкъъуэ зэхуэмыдэхэр бжьэщІащІэ, политикэм, щэнхабэкэм, егъэджэныгъэм, щІэныгъэм хэлъ Іуэху къинхэм ятеухуат. Редакцэм щекІуэкІ лэжьыгъэм къыдэкІуэу, Женя щІэх-щІэжьыгъэ-рэ хэтт адыгэ газетым щым («Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку»,) я редакцэхэм чэзуэрэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Щэрджэсым, Адыгейм щрагъэкІуэкІ зэхуэсхэм. Апхуэдэ зэІущІэхэм деж газетхэр зэдэгуашэрт я Іуэху зехьэкІэ пэрытхэмкІэ, зэфІэха лэжьыгъэхэм, адэкІэ къапщІыхь къалэнхэм, яІэ мурадхэм щэщІауэ щытепсэльыхьырт. Ахэр сэбэпыщхуэ къыхуэхъурт, къаруущІэ къыхалъхьэрт зи лэжьыгъэр езыгъэфІакІуэ зэпыт Уэрдокъуэмэ.

Зи лэжьыгъэр газетым пыщІа ІэщІагъэхъуэм ящІа абы и жанрхэм ящыщу хъыбарыщІэр тэрэзу птхыныр нэхъ Іуэху гугъуэхэм зэращыщыр. Сатыр 20 - 30-м екІуу ибгъэзэгъэфын хуейщ къэхъукъащІэр, ари нэсу, щызу, къызыхэкІари къыкІэлъыкІуэнкІэ хъуну Іуэхугъуэхэри газетеджэхэзэм ягурыбгъаІуэу. А кьалэным фІы дыдэу пэлъэщІыф лэжьакІуэщ Уэрдокъуэр. Аращ абы дзыхь къыщІыхуащІауэ щытар газетым хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ и къудамэр.

Иджыпсту Женя и унафэщІщ хабзэхъумэ ІуэхущапІэхэм зэращэжнымкІэ къудамэм Ар жыджэру япымщІащ МВД-м КъБР-м щиІэ ІуэхущапІэхэм, прокуратурэм, адвокатурэм, судыщІэхэм. ЗэрыгурыІуэгъэщи, апхуэдэ ІэнатІэхэм удэлэжьэныр жэуапльныгъэ ин зыпылъ Іуэхущ. Ар кьыщъсаныгъэнщэу зэфІех ди лэжьэгъуэм. Абы и щыхьэтщ а ІуэхущапІэхэм я унафэщІхэм я Іэ щІэлъу Уэрдокъуэм мызэ-мытІэу къыхуагъэфэща щІыхь, щытхъу тхылъхэр, саугъэт лъапІэхэр.

Уэрдокъуэм пщІэ лъагэ щиІэщ зыхэт гупым я ежи. Аращ ар лэжьакІуэбзам я узчылу зльыгтэ профсоюзым редакцэм щиІэ зэгухэпатъэм и пашэу щЫыхахар. ЗэгурыІуэрэ зэдэІуэжрэ, пщІэрэ нэмысрэ зэрылъ унагъуэшхуэу щыт «Адыгэ псалъэ» газетым лэжьыгъэм къыдэкІуэу гъащІэм пыщІа Іуэхугуэ, къэхъукащІэ (гуфІэгъуэ е гуэзвэгъуэ) куэд кьохуэу. Ахэр екІуу зэфІехэ зэрыхъуным сыт щыгъуи яужь итщ Женя. И пщэрылъ журналист лэжьыгъэхэм ящІыгъуу, ар апхуэдэуи и къызэгъэпэщакІуэщ икІи жэрдэмщІакІуэщ редакцэм и дежкІэ мыхьэнэ зиІэ махуэпхуэхэу махуэгъэпсым къыщыгъэльэгъуахэм. Абы и псэри и къарури нрет зыпэрыхьэ дэтхэнэ лэжьыгъэми. ЦІыхур, гъащІэр фІыуэ зыльагъурщ апхуэдэу гу пщІанэу щытыфынур.

- Женя хуэдэу псэ зэІуха ди лэжьэгъуэхэм яхэмыстми ярейщ. Гугъуехь къыплъыкъуэкІаУэ къищІэмэ, ар сыт щыгъуи къэзыгъэ и дамэпкъ къыпщІигъэкъуэну. Апхуэдэу ар сыткІи чэнджэщэгъу, ущиякІуэ къытхуохьу, зыхимыщІыкІ щымыІэ цІыхуу къытщоихъу. Язныныкъуэхэм деж дыгушыІэу абы жыдоІэ: «Псори зыщІэ Женя, уи деж чэнджэщакІуэ дыкъэкІуащ». «СпІэкъым», «сщІэркъым» псалъэхэр абы къыщигъэсэбэпыр зэхэмызэхэщІ. ДэІэпыкъуэгъу, сэбэп къыпхуэхьуну сыт щыгъуи ихэзырщ. Араща ар псоми фІыуэ щІэтлъагъур, пщІэшхуэ щІыхуэтщІыр, - жаІэ я лэжьэгъуэм щхьэкІэ журналистхэу Щхьэщэмыщ Иуэрэ НэщІэпаджэ Замирэжь.

ЛэжьакІуэ ІэкІуэлъакІуэм, ныбжьэгъу пэжым, бзылъхугъэ екІум и махуэ лъапІэр Печатым и махуэм тохуэри, гуфІэгъуитІ зэуэ хуэзэтрехьэ. «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр Женя дохьэхэзу узынщатъэ ЫыдэІ, насыпрэ гуфІэгъуэкІэ гъэнщІа гъащІэ дахэ иЕэну, и анэ-къильхуэхэр къыкъуэту, фІыуэ къэзыльагъу, пщІэ къызэзыщІ цІыхухэм я гулъытэ щымыщІу куэдрэ псэуну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Ильэс 16-м иту. *1969 гъэ*

И лэжьыгъэфым папщІэ фІыщІэ хуащІ.

МВД-м щекІуэкІ зэІущІэм щІэсу.

Сыт щыгъуи

ИТЬЭС куэд хьуауэ Уэрдызэдолажьэ, дызэныбжьэгъуфІу дыкъызэдогъуэгурыкІуэ, зы махуи гукъанэ зэхуэдмыщІауэ. А бзылъхугъэм и журналист гъэкьыгъэм нэхъапэкІи нэгъэщІхэр тетхьхьащ, ар зыхуэдэми газеТеджэхэр фІыуэ щыгъуазэщ. Ар кьыщалъхуа махуэм сэ нэхъ зытезгъэщІну сызыхуейр и цыхугъэрщ. Женя зи псалъэм сыт щыгъуи трагъуэтэж, дзтхэнэми хуэзфІэкІымкІэ (язныныкъуэхэм я деж хуэзфІэмыкІми), зыгуэрурэ зэхунгъэхъуурэ дэІэпыкъуну хьэзыщІыхуащ. Ар кьыщалъхуа мы цІыхуб гуащІафІэм кьалэмыр къыззрищтэрэ гъащІэм къыщІыхьу-къыщІщІэхэм, щекІуэкІ Іуэхугъэхэм нэ жанкІэ йопть, ахэр зэпкърыхауэ, зэщІэкъуарэ гурыІуэгъуэу бэмэ я деж нехьэс. И адыгэбзэр шэрыуэщи, и ІэдакъэщІэкІхэм пкъы яхуохьу, и псалъэ хэпльыхьабхэм и тхыгъэкъэ купщІафІэ ящІ. ЗэманыфІ хьуауэ хабзэхъумэ, кьарузехьэ ІэнатІэхэм гъэхуауэ ядолажьэ, абыхэм я ІуэхущІафэр пэжу къэгъэльэгъуэным, хэІущІыІу щІыным теухауэ куэд зэфІегъэкІ. КьищынэмыщІауэ, Женя и тхыгъэхэм гъащІэм и пІыпІфэ зэхуэмыдэхэр Іуп-щІу хыбольагъуэ. Ди япэ ита нэхъыжьыфІхэм, гъащІэ зыльэгъуахэм бзэ ІэфINІэ ятопсэлъыхь. Псом хуэмыдэу пщІэ хэха яхуещІ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, хэкІуэда зауэлІхэм я щхьэгъуэсхэм, а зэман хьэлъэм фронтым хуэлэжьахэм. Абыхэм щатетхьхьакІэ, я гукъэкІыжхэр къыщиІуатэкІэ и псалъэм хуосакъ, щабагъэр егъэнэхъапэ, нэхъ гу зыльытапхъхэр егугъуу кьыхсегъэщхьэхуКІ.

Цыху пэжщ Женя, псэ кьабзэщ, гъэсащ, и пщІэмрэ и нэмысымрэ иЕы-гьыжщ. Нэхьыщхьэраци, зи льагъуэ ящыщхьэ псынэм ещхьу, езым и увыпІэ гъащІэм къыщІыгъуэтыжащи, ар махуэ къэс дыдольагъу нкІи абы дрогушхэу.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Къалэмыр къызэрищтэрэ

ФЫ ЩЭНЫМРЭ дахагъэмрэ зи ахьыпри зи гупсысагъэ зэгуэзэгъэ къэгъуэгурыкІуэ щыхум дапщэщи пщІэ хуащІ, ар щапхъэу ягъэльагъуэ. Дэнэ щымыІэми, сыт хуэдэ ІэнатІэ пэрымытми апхуэдэр зыхуущІэкъур къызыхэкІа лъэпкъым хьэлэлу хуэлэжьэнырщ, и Іыхьлъэхэм яхуэфащэу щытынырщ.

Іэжьыгъэр Іэджэу зэхдз, ауэ абыхэм я нэхьыфІыр, псоми ефІэкІыр гум фІэфІу кІыщтэрщ. ПэгъуэщІу жьыпІэмэ, къыдалъхуауэ лъым хэтырщ. Уэрдокъуэ Женя ящыщщ и гумрэ и псэмрэ фІэфІу зэгуэр кьыхихауэ щыта Іэщ-Іагъэм хуэпэжу гъуэгу бгъуфІэ къэзыкІуахэм, ноби Іуэхум хуэжьыджэрхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистикэм и зыужьныныгъэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа мы цІыхуб гуащІафІэм кьалэмыр къызэрищтэрэ гъащІэм къыщІыхьу-къыщІщІэхэм, щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм нэ жанкІэ йопть, ахэр зэпкърыхауэ, зэщІэкъуарэ гурыІуэгъуэу бэмэ я деж нехьэс. И адыгэбзэр шэрыуэщи, и Іэдакъэщ-Іэкіхэм пкъы яхуохьу, и псалъэ хэпльыхьабхэм и тхыгъэкъэ купщІафІэ ящІ. ЗэманыфІ хьуауэ хабзэхъумэ, кьарузехьэ ІэнатІэхэм гъэхуауэ ядолажьэ, абыхэм я ІуэхущІафэр пэжу къэгъэльэгъуэным, хэІущІыІу щІыным теухауэ куэд зэфІегъэкІ. КьищынэмыщІауэ, Женя и тхыгъэхэм гъащІэм и пІыпІфэ зэхуэмыдэхэр Іуп-щІу хыбольагъуэ. Ди япэ ита нэхъыжьыфІхэм, гъащІэ зыльэгъуахэм бзэ ІэфINІэ ятопсэлъыхь. Псом хуэмыдэу пщІэ хэха яхуещІ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, хэкІуэда зауэлІхэм я щхьэгъуэсхэм, а зэман хьэлъэм фронтым хуэлэжьахэм. Абыхэм щатетхьхьакІэ, я гукъэкІыжхэр къыщиІуатэкІэ и псалъэм хуосакъ, щабагъэр егъэнэхъапэ, нэхъ гу зыльытапхъхэр егугъуу кьыхсегъэщхьэхуКІ.

Иджы, мис, ильэс куэд дэкІауэ, Женярэ сэрэ зы лэжьапІэ дыщызэрихьэлІэжащи, абы и хьэлым зыкІи зихьэужауэ гу лъыстэркъым. Ялэми хуэдэу, ар псоми сэбэп зэрахуэхъуным хущІокъу. Мы зы Іуэхугъэрэ кьыхъэгъэщІынут. Женя езым и дуней итэжщ. Дуней «къулей». Абы щытепщэр гуапагъэмрэ гумащІагъэмрэщ. Псэущхьэхэр, щІыуэпсыр фІыуэ ельагъу, цІыхухэми гуапэу яхуащІ, щытщ. Щэч хэмыльуи, бзылъхугъэр зыхэпсэуныгъфынур апхуэдэ дунейщ.

Женя и ныбжьыр ильэс бжьыгъэ дахэ ирикъуащи, езыр узынщэрэ цІыхухэм я фІыуэ къальагъуу дунейм куэдрэ тетыну Тхьэм жиІэ!

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Езым и дуней дахэр

УЭРДОКЪУЭ Женя 1986 гъэ лъандэрэ соцІыху. А ильэсым Къабэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэгъусэу дыщІэтІысхьащ. Бзылъхугъэ гуакІуэм и зыІыгъыкІэмрэ цІыху хэтыкІэмрэ димыхьэха, ар фІэмыльтыльджэ къытхэту къыщІэкІынтэкъым адыгэбзэмрэ литературэмрэ хуеджэну а ильэсым КъБКъУ-м щІэтІысхьа гупым.

Ди егъэджакІуэхэми гу лъатащ пщащэ зэпІэзэрытым хэлъ хьэл-щэн дахэм, жьыджэрагъым. Абыхэм я жэрдэмкІэ, япэ курсым щегъэжьауэ, Уэрдокъуэр гупым ди нэхъыжьу хэтэри, къэдухьу а къалэныр нэсу ирихьэкІащ. Ар щыгъуазэт дэтхэнэ зыми и Іуэху зыІутым. ЗыщІезыгъэхъэм щеущиекІэ, и псалъэхэм ткІыбжьагъэ тІэкІу хилъхьэн хуей хъуми, джэдкъуртыр джэгу-жьейм зэрыхуэсакъым хуэдэу, сытым щыгъуи Іэсагъэмрэ гумащІагъэмрэ тригъакІуэрт. Женя апхуэдэу къызэрытхущытар къыдыхуэмыщыхьэпа къытхэтакъым зэдеджэ гупым.

Иджы, мис, ильэс куэд дэкІауэ, Женярэ сэрэ зы лэжьапІэ дыщызэрихьэлІэжащи, абы и хьэлым зыкІи зихьэужауэ гу лъыстэркъым. Ялэми хуэдэу, ар псоми сэбэп зэрахуэхъуным хущІокъу. Мы зы Іуэхугъэрэ къыхъэгъэщІынут. Женя езым и дуней итэжщ. Дуней «къулей». Абы щытепщэр гуапагъэмрэ гумащІагъэмрэщ. Псэущхьэхэр, щІыуэпсыр фІыуэ ельагъу, цІыхухэми гуапэу яхуащІ, щытщ. Щэч хэмыльуи, бзылъхугъэр зыхэпсэуныгъфынур апхуэдэ дунейщ.

Женя и ныбжьыр ильэс бжьыгъэ дахэ ирикъуащи, езыр узынщэрэ цІыхухэми я фІыуэ къальагъуу дунейм куэдрэ тетыну Тхьэм жиІэ!

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● ЗэІущІэхэр

Зыужьныгъэр зи плъапІэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэпымыуэ Іуэхуфіхэр ирагъэкІуэні. Абы и ректор Къэрэмырзэ Барэсбий иджыблагъэ ящІащ Сервисымрэ туризмэмкІэ щІэныгъэ етыныгъэ УФ-м и еджапІэхэм я учебно-методикэ зэгухэзныгъэм и президиумым хэтхэм. Зэхьихьэм кьрихьэлІагъ зэгухэзныгъэм и унафэщІым и къудамэ, профессор Ананьевэ Татьянэ, «Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупІэхэр» ОАО-м зэгъэужьныныкІэ и департаментым и унафэщІ Вильк Святослав, щыналъэ зэхуэмыдэхэм я еджапІэ нэхъыщІэхэм я Іэщ-ІагъэлІэкІэр.

КЪАРЭМЫРЗЭ Барэсбий и псалъэм къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкІэ туризмэмрэ сервисымрэ мыхьэнэшхуэ зэралэр. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэри республикэр щІыуэпскІэ зэрыкъуІейрщ. Ректорыр хьэщІэхэм ехъуэхъуащ махуищкІэ екІуэкІыну зэхьихьэхэр купщІафІэ яхуэхъуну, республикэм и хъугъуэфІигъуэхэр езыхэм я нэкІэ зэралъагъунум зэрыщыгугъыкІри жиІащ.

Ректорыр щхьэхуэу къытеуыІащ КъБКъУ-р къыззрыунэхуам, зэрызэфІэуВам, зэрызиужьам. ЩІэныгъэм и унэтІныныгъэ куэдым гулъытэ хуэзыщІ мы университетым зэрырагъаджэ программэ 200-м нэблагъэ иІэщ, туризмымрэ сервисымрэ ехъуэу абы Іэщ-Іагъэлі 700 (1992 гъэм щегъэжьауэ) игъэхъэзырыщ. КъБКъУ-м Іуащхьэмахуэ лъапэрэ тенджыз Іуфэмрэ базэхэр щиІэщ. ЕджапІэм и ехьулІэныгъэу Къэрэмырзэм къелъытэ абы хамэ къэрал жьыжьэхэм къикІ щІалэгъуалэм щІэныгъэ зэрыщызрагъэгъуэтыфщ. Мы зэманым университетым щоджэ хамэ къэралхэм кьикІа щІалэ, пщащэ 526-рэ.

Вильк Святослав тепсэльыхьащ зи гугъу ящІ унэтІныныгъэхэр Кавказ Ищхъэрэм зэрыщефІакІуэмрэ абы и лъэныкъэкІэ зэлэжьын хуейкэмрэ.

Ананьевэ Татьянэ кьыхигъэщащ, республикэм и тепльэмрэ и щІыуэпсымрэ зэрыдихьэхар, КъБКъУ-м и гущІафэхэри купщІафІэ зэрыщыхъуар.

Туризмэм ди республикэм зэрызыщІужьыфыну Іэмалхэр утыку кьрихьащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министрым и къудамэ Улаков Юсуп. «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - туризмэм и лъахэщ. Республикэм и экономикэ зыужьныныгъэр куэдкІэ абы елъытащ», - жиІащ Улаковым. Ар щхьэхуэу къытеуыІащ Іуащхьэмахуэ лъапэ и бгы-тыэрыжь зыигъэпсэхупІэхэм республикэм къыхуиІэ фейдэм.

КъБР-м узынщагъэр хъумэныныгъэ курортхэмкІэ и министрым и къудэз Гаевэ Алёнэ Налшык дэт зыгъэпсэхупІэхэм я лэжьыгъэм къытеуыІащ.

КъыкІэлъыкІуэ махуэхэм хьэщІэхэм Налшык и Іэхэлъэхэм, Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщапльыхьащ, нэгъуэщІ зэІущІэхэри ирагъэкІуэкІащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Гумрэ псэмрэ зыхьэху сурэтхэр

Сурэтыщ гъуэзджэмкІэ музейм (Палшык къалэ) мы махуэхэм щагъэльагъуэ Москва щыпсэу ди лъахэгъу Уэрэзей Аслъэн и лэжьыгъэр.

Уэрэзей Аслъэн

АБЫ и Іэдакъэщ-Іэкіхэр дыззса сурэт лЭужьныгъуэхэм хуэдэкъым, ящІэлъ гупсысэкІи къъІуэтэ-кІэкІи зыми ещхькъым.

Уэрэзей Аслъэн и Іэщ-Іагъэм щыкигъэхъуар Строгановым и цІэр зэрихьэу Москва дэт художественно-промышленнэ къэрал университетырщ. Гу зэрыльыттащи, абы и живописыр пІльыфэкІэ къуІелІщ, графикэ сурэтхэм псысэ теплъ яІэщ. Аслъэн и Іэдакъэщ-Іэкіхэр щигъэльэгъуащ (литературэхэм я унэм (1994 гъэм), Сурэтыщ-Іэхэм я зэгухьэныгъэм (2005 гъэм), «Новый манеж» (Москва) къэрал гъэльэгъуапІэ пэщым, нэгъуэщІхэмри.

Уэрэзей и сурэтгъэльагъуэм кьыззрымыкІуэу цІыхущхуэ къекІуэлІат. Сурэтхэм ахэр яхьэхуати, дэтхэнэми жиІэн и куэдт.

Карчаевэ Аминэ, *КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къудамэр:* Уэрэзей Аслъэн и лэжьыгъэхэр зыщІыпсыльхьэм гъэдгъэтъэн зэращыхъуам щэч кьытесхьэркъым. Пэжу, сурэтыщІыр езыри хьэлэмэт дыдэщ, дунейм зэрелъ щІыкІэри щІэщыгъуэщ. СызэрыщыгъуазэмкІэ, Аслъэн и Іэдакъэщ-Іэкіхэр Урысейм щыпсэухэм кьищынэмыщІа, хамэ къэралхэм щыщхэми я гъэтІылъыгъэхэм хагъэхьэ, щІэупщІэ яІэщ. Палшык япэу абы и сурэтхэр зэрыщигъэлъагъуэр ди дежкІэ гуфІэгъуэшхуэщ, дэтхэнэри дызыпэплъа Іуэхущ. Гъуазджэм дихьэхэм абыкІэ сохьэхьу, езы художникми и лэжьыгъэхэр нэхъ щІэ-щІэхуэрэ ди пащхьэ кьрихьэну си гуапэщ.

Хьэпэ Джэбрэйл, *КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ:* Уэрэзейхэр я унагъуэр куэд щІауэ соцІыху. Си гуапэ хъуащ абы мыпхуэдэ сурэтыщІ Іэзэ къаззрыхьэкІар. Нэхъ ипэуэкІэ Аслъэн и Іэдакъэщ-Іэкіхэм щыгъуазэ зысщІат тхылъымпІэ кІапэхэм (открыткэхэм) тету, ауэ абы щыгъуэм ахэр мыпхуэдэу дахэу сльэгъуэтэжьым. Иджы абы си фІэщ ищІащ зэрыкъурэтыщІ нэсыр. Соплрэри, сыт хуэдиз гупсысэ хэлъ абы и сурэтхэм! СфІэтелъыщдэщІ. Нужьрей ильэсхэм кьриубыдэу гъэльэгъуэныгъэ гуапэ сльэгъуамэ - ар Уэрэзей Аслъэн ейрауэ си гугъэщ.

Темыркъан Геннадий, *КъБР-м и Сурэтыщ-Іхэм я зэгухьныгъэм и правленэм и унафэщІ:* Ильэсыщ-Іэр къызэрибгъэхьэу ибдхьэкІ, жаІэ. Уэрэзей Аслъэн и гъэльэгъуэныгъэ дахэмкІэ 2014 гъэм дыпежьащи, езы сурэтыщІми дэри абы фІы кьытхуэдэкІуэну си гуапэщ. Ди зэгухьэныгъэр апхуэдэ сурэтыщІ щІалэхэм хуэныкъуэщ, кьыдогъэбдагъэ Аслъэн ди ІуэхущапІэм.

Уэрэзеим и Іэщ-Іагъэмкі зехьэхъуащ УФ-м и цІыхубэ артист Темыркъан Борисри Владикавказ къалэм дэт Іъэпкъ музейм и унафэщІ Сухевэ Ларисри.

Гъуазджэ нэсым хэпльэну хуейхэм щІышылэм и 27 пщІондэ апхуэдэ Іэмал яІэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Адыгэ къэрал университетым и доцент Блыпэщауэ Мирэ, Къэмбэчокъуэ Ириней, Уэрдокъуэ Женя. *1998 гъэ*

Женя адыгэ газетхэм я зи чэзу зэІущІэм хэтщ. *1994 гъэ*

Абхъазым и утым щекІуэкІ фестивалым хэту. *2009 гъэ*

● Щэнхабзэ

КЪЭФЭКІЭМ и дерсхэр

Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм «Кабардинка» ансамблым концерт гукъинэж щитащ, дуней псом фІыуэ щалъэгъуа гуп цІэрыІуэр къыззрызэрагъэпэщрэ илъэс 80 зэрырикъум и щІыхьІ.

ПШЫХЬЫР езыгъэкІуэкІа Атэбий ФатІимэрэ Борэ Заурэ къызэхуэсахэр хагъэгъуэзащ Кавказым ис лъэпкъхэм я цІыхухъу, цІыхубз фащэхэм, кьафэ лІэужьыгъуэхэм я тхыдэм. Абыхэм къызэрыхагъэщащ, щІыналъэ зэхуэмыдэхэм щыпсэу адыгэхэм я хабзэхэм зэмыщхь гуэр хэлпьагъуэми, я къафэхэмрэ лъэпкъ фащэхэмрэ з э р ы з э щ х ь э щ ы к І щыІэкъым.

- Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я фащэхэр щхъуэкІэлпІыкІэщ, цІуугъэнэхэмкІэ гъдэхащ. Цыхур зыщыщ лъэпкъыр нэхъапэм ящэхэхэгъэкІыпрт абы зэрихьэ фащэмкІэ. Къэбгъэльагъуэмэ, адыгэ цІыхухъухэм я фэильхьэгъуэ нэхъыщхьэу кьаЛъытэр лъэпкъ фащэрат, - жиІащ Борэ Заур. - Іэ плъыфэкІэ зэхуэмыдэ щэкІитІым къыхадыкІырт ар. Абы и лъабжьэм джанэ (кьэптал) щалъхьэрт. Ар щІэмыльу фащэр пщыгъынчу, уеблэмэ джанэм и закъуэкІэ пщІантІэм удэкІыну емыкІыу абжьырт. Зи кІыхьагъыр лъэгуаакъым нэс, Іэпкъльэпкъым хуэфІу ит, Іэщэхэр зыкІэрыщІа фащэм езым и зехьэкІэ иІэжт. Хьэзырыльэхэр, щІакІуэр, бащлъыкъыр, пыІэр, Іэщэхэр щІыхухъу фащэм къыгуэхьпІэ имыІэу щыгъут. Нэхъапэм щІыхухъухэм я лъыгъыщ щыта вакъэмкІэ щІыхур зыщыщ лІакъуэр кьыпхъэщхьэрт. Псалъэм папщІэ, щыхэрат вакъэ щхъуэкІэпІныкІэхэр лъызытІэгъэну хуитыр. Уэрэкъэм зэрахьэрт вакъэ фІыцІэ, гъуэжь, пшахъуафэхэр. Зэман дэкІри, Кавказым щыпсэу лъэпкъ псоми адыгэ фащэр щатІэгащ, - жиІащ Борэ Заур.

Адыгэ цІыхубз фащэм и тхьдэм и гугъу щищІым Атэбий ФатІимэ къытеувыІащ бзыльхугъэхэм зэрызагъэдахэ цІуугъэнэхэм, дыщ, дыжьын ІуданэхэмкІэ хэдыкІа, тхьпІхъэ зэхуэмыдэхэмкІэ гъэщІэрэщІа, уагъэхэмкІэ гъдэха фащэхэмрэ пыІэхэмрэ, дыщ, дыжьын бгырыпхым. Нэхъапэм адыгэ цІыхубзхэм пхъэ вакъэ яІыыгъыу зэрыщытар гъэщІэгъэнщ. Лакъэ нэхъыщхьэм щыщ цІыхубзхэм я пхъэ вакъэм сантиметр 12-м нэблагъэ и лъагагът, дыщ, дыжьын цІуугъэнэхэмкІэ гъэщІэрэщІат. Ар зыльыгъ хьыджбзхэр адрейхэм нэхъ щхьэпэльагъу кьаХэщырт, тІуэ ухуэнауэ я пІлэм дэль щхьэкІ Іувым пщащхэхэр нэхъри игъэдахэрт. ХьэгъуэлІыгъуэ, гуфІэгъуэ зэхьпхэ щыхъуклІэ пщащхэр зыр зым ехьэехуэрт я зыхуэпэкІэкІэ, къэфэкІэкІэ, я зыІыгъыкІэкІэ, хьэл-цэнкІэ.

Хабзэм тету, къэфакІуэхэр утыкум иригъэблэгъащ «Кабардинка» гупым щыпсэу, щхьтяякІу Дер Мухьэмэд. Уэркъ, ислъэмей, удж, мэздэгу адыгэхэм, тенджыз фІыцІэм и Іуфэм Іус шапсыгъэм я кьафэхэр ансамблым и щалэ къуданхэмрэ хьыджбзэ нэфІэгуфІэхэмрэ зэрагъэзащІэм уеплъыну гухэхъуэт. Гукъинэжт «Кабардинка» ансамблым и пщынауэ, бэрэбэнауэ, пхъэщІычауэхэм гуи дыхьэ я макъамэхэр. Уеблэмэ щІалэхэр бэрэбаным и щхьэм къыщыфащ, сэр ІэкІуэлъакІуэу «игъэджэгуащ».

КъыщынэмыщІауэ, концерт нэужьым «Кабардинка» ансамблым, Налшык къалэ администрацІэр и дэпхыкъуэгъуэ, Іуэху гуапэ къызэрагъэпэщащ. Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм кьалэм и курыт еджапІэхэм щІэс сабийхэм папщІэ щатащ кьафэ дерсхэр. Абы еджакІуэ 800-м щІигъум зыкъраГъэхъэлІащ.

Лъэпкъ щэнхабзэм и хъугъэфІыгъуэхэм я хъумакІуэ гупым, республикэр зэрыгушхуэ я кьафакІуэ Іэзэхэм я концертым зэхуэсахэм дэрэжэгъуэ я къызэрыхахам, ныбжьыщІэхэм я дежкІэ ар дерсыфІ зэрыхъуам шэч хэлъкъым.



ТЕКІУЖЬ Заурэ

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым «Адыгэ ныбжьыщІэхэм я театр» пшыхьэр щекІуэкІащ. ХьэтІохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм къыззригъэпэща зэІущІэм тепльэгъуэхэр щагъэльэгъуэхэр щагъэльэгъуащ курыт школ зыбжанэм я еджакІуэхэм.

- Нобэ еджакІуэхэм утыку кърахьэнущ ди тхакІуэ, усакІуэ пажэхэм я Іэдакъэщ]экІхэм щыщ. Гупищ кьедгъэблэгъащ, евгъуанэ, епщІанэ, епщыкІуэнэ кІасхэм щІэс-хэу. ЩІэблэр утыку къыщІитшэр я зэфІэкІ я гъэунэхужьи, анэдэлъхубзэм, тхыдэм, хабзэм гу хуедгъэщІын папщІащ, - жиІащ Адыгэбзэ Хасэм и унафэщІ Табищ Мурат пшыхьэр къыщыІэзыІуихьм.

Утыку итыкіи ящІэу, зытепсэлъыхьри я псэм хьиІэу, театрепльэм я гупсысэри зэрыщІаІыгъэфу зыкъэгъэлъэгъащ ЩэджэмдэІ ешанэ курыт еджапІэм къинІахэм. Сонэ Мухьэрбий и «Уэсрет» пьесэм къыгращыкІа спектаклымкІэ абыхэм кьагъэлъэгъуэфащ адэ-анэмрэ быныгъэ, нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ яку дэлъыпхъэ пщІэнэмысым я лъапІагъыр, зэрызэрапщытар хъарзынэт, ауэ Іуэхум кьыхамыльытаи щыІэу къыщІэкІащ. Адыгэ фащэ екІуекІэ утыкум кьиухэхэм уагъэгуфІэрт. Ауэ нэм къыдэІэнэ щыуагъэ яІэщІэкІат. Кушыкупщым и ролыр зыгъэззэщІа щІалэм и кьамэпэр ижьымкІэ зэрыгъэзар ауэ Іуэхум кьыхамыльытаи щыІэу къыщІэкІащ. Адыгэ фащэ екІуекІэ утыкум кьиухэхэм уагъэгуфІэрт. Ауэ нэм къыдэІэнэ щыуагъэ яІэщІэкІат. Кушыкупщым и ролыр зыгъэззэщІа щІалэм и кьамэпэр ижьымкІэ зэрыгъэзар зыгъэмыкІуэ нэхъыжьымрэ дагъуэ яхуищІащ. Ар иджыри зэ щІыхьэт тохъуэ адыгэ фащэм епхауэ пщІэн хуейр зэрымыкащІэм, ди тІэкІунитІэмкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэм. НыбжьыщІэхэм абы дерс къыззрыхахам шэч хэлъкъым.

Бахъсэн кьалэ дэт епплІанэ курыт еджапІэм и еджакІуэхэм яГъэльэгъуащ Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакІэ» романым щыщ теплъэгъуэ. Еджакіуэхэм ящыгъа щыгъынхэри, теплъэгъуэм щІагъэуваа макъамэри, утыкур зэрагъэщІэрщІари щыхьэт техьуэрт ныбжьыщІэхэр я гуащІэ зэремыблэжам. Пэжщ, зытепсэльыхь Іуэхугъуэ гуузыр щыкІуэхэм къагурыІуэщакъым, ар хъыбар дыхьэшхэн гуэру къызыщыхъуаи яхэтащ. Абы щхьэкІэ щІалэгъуэльагъуэм тІуэнэ яхуэпщІ хъуну къыщІэкІынукъым, сыту жыпІэмэ, театр утыкум есакъым. Ялэ лъэбакъуэр сытым дежи гугъущ.

МакъамэкІэ, уэрэдкІэ щыпсэухьыр ягъэдахащ «Къэбэрдей» джэгуакІуэ гупым, уэрэдыкІакІуэхэу Атэлыкъ Алимрэ КІэмыргуей Іэдисэр.

Къапщтэмэ, пшыхьэр хъарзынэ хъуащ, узыгъэгупсысэни узыгъэпІейтеини хэпльагъуэу. Ар, зэрыжьІащи, и ныбжьыщІэхэм папщІэ кьызэрагъэпэща пшыхьэр. Аращ «Дэр-дэру» щІысфІащари. Ялэ лъэбакъуэ ячащи, адэкІэ къыпащэмэ, ди гуапэщ.

Тхыгъэри сурэтри зейр **МЫРЗЭКЪАН Дисэщ.**

● Зи чэзу къыдэкІыгъуэхэм



«Іуащхьэмахуэ»

Журналым нэгъабэ и иужьрей, еханэ кьыдэкІыгъуэр, кьыззІуех Ильэсыщ1эм теухуа «Кьебларгъэ, Ильэсыщ1э!» Іыхьэмкіэ. 2013 гъэм ахуэзфІэкІаХэмрэ дяпэкІэ я мурад-хэмрэ я гугъу ящу, мыбдежым кьыщопсалъэ щэнхабзэм, гъуэзджэм, щІэныгъэм я лэжьакІуэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщ КьБР-м цІыхубз хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министрым и кьалэнэр зыгъэзащІэ Кьумахуэ Мухьэдин, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз тхакІуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд, усакІуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Кьаныкъуэ Заринэ, Адыгэбзэ Хасэм и хасащхьэм хэт, адыгэбзэр егъэджыныкІэ методист икІи егъэджакІуэ ХьэцІыкіу Раисэ, шыкІэпшынауэ, адыгэ макъамэ Іэмэпсымэхэр щыныкІэ Іэщ1агъэлІ Ияаз Зубер. А Іыхьэм хэту адэкІэ къыкІэльокІуэ «Бэдрэжуэ» адыгэ хъыбарыр. Адэкіэ итщ Ильэсыщ1эм, щІымахуэм теухуауэ Уэрэзей Афлик, Тхьэгъэзит Зубер, Ацкъан Руслан, Бицу Анатолэ сымэ ятха усэхэр.

«ЖьантІэ» Іыхьэм хэту КІыщокъуэ Алим кьыззральхурэ ильэси 100 щриКъум ирихьэлІэу тридзащ КІыщокъуэ тхакІуэ щэджащэм и Іэдакъэщ]экІхэм ящыщу «Гущ1эгъу», «ХьэщІэ лъапІэ», «Аргъуей», «Лыгъэ», «ВитІ», «Кхъэлэгъунэ» кьыхбархэр.

ХІХ лІэщІыгъуэм и кІэхэм - ХХ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм псэуа жылагъуэ-политикэ лэжьакІуэщхэхэм ящыщщ Тамбий Пагуэ. Ар кьыззральхурэ ильэси 140-рэ щрикъум ирихьэлІэу, «Адыгэ уэзщІакІуэхэр» Іыхьэм хэту, журналым тридзащ еджагъэщхуэ Хьэщхьэжь Раисэ и Іэдакъэщ]экІ «Тамбий Пагуэ» тхыгъэр. А Іыхьэ дыдэм хэту кьытрадзащ кьыззральхурэ ильэси 135-рэ ирикъу Дым Іэдэм теухуауэ Іэщ1окъуэ Фозэ итха лэжьыгъэри.

Кьыззральхурэ ильэси 130-рэ ирикъуа Цагъуэ Нурий Іыхьэм и цІыху нэхъыфІхэм ящыщу, адыгэр щІэныгъэм хэушъхьэлажьэу псэуащ.

Адыгэ тхыбзэм, щІэныгъэм, литературэм я лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщт кьыззральхурэ ильэси 125-рэ ирикъуа Борыкъуей ТІутІи. Ар егъэджакІуэт, щІэныгъэлІт, усакІуэт.

Цагъуэмрэ Борыкъуеймрэ ятеухуа тхыгъэхэр журналым тридзащ филологие щІэныгъэхэм я доктор Хьэкіуащэ Андрей игъэхьэзырауэ.

Журналым и «Прозэ» Іыхьэм фыкьыщеджэнщ КІэбыШэ Лилэ итха «КъэнэкіафІэ» рассказым. Мы Іыхьэ дыдэм хэтщ «Кьаныкъуэ Заринэ, Адыгэбзэ Хасэм и хасащхьэм хэт, адыгэбзэр егъэджыныкІэ методист икІи егъэджакІуэ ХьэцІыкІу Раисэ, шыкІэпшынауэ, адыгэ макъамэ Іэмэпсымэхэр щыныкІэ Іэщ1агъэлІ Ияаз Зубер. А Іыхьэм хэту адэкІэ къыкІэльокІуэ «Бэдрэжуэ» адыгэ хъыбарыр. Адэкіэ итщ «Ильэсыщ1эм, щІымахуэм теухуауэ Уэрэзей Афлик, Тхьэгъэзит Зубер, Ацкъан Руслан, Бицу Анатолэ сымэ ятха усэхэр.

«ЖьантІэ» Іыхьэм хэту КІыщокъуэ Алим кьыззральхурэ ильэси 100 щриКъум ирихьэлІэу тридзащ КІыщокъуэ тхакІуэ щэджащэм и Іэдакъэщ]экІхэм ящыщу «Гущ1эгъу», «ХьэщІэ лъапІэ», «Аргъуей», «Лыгъэ», «ВитІ», «Кхъэлэгъунэ» кьыхбархэр.

ХІХ лІэщІыгъуэм и кІэхэм - ХХ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм псэуа жылагъуэ-политикэ лэжьакІуэщхэхэм ящыщщ Тамбий Пагуэ. Ар кьыззральхурэ ильэси 140-рэ щрикъум ирихьэлІэу, «Адыгэ уэзщІакІуэхэр» Іыхьэм хэту, журналым тридзащ еджагъэщхуэ Хьэщхьэжь Раисэ и Іэдакъэщ]экІ «Тамбий Пагуэ» тхыгъэр. А Іыхьэ дыдэм хэту кьытрадзащ кьыззральхурэ ильэси 135-рэ ирикъу Дым Іэдэм теухуауэ Іэщ1окъуэ Фозэ итха лэжьыгъэри.

Кьыззральхурэ ильэси 130-рэ ирикъуа Цагъуэ Нурий Іыхьэм и цІыху нэхъыфІхэм ящыщу, адыгэр щІэныгъэм хэушъхьэлажьэу псэуащ.

Адыгэ тхыбзэм, щІэныгъэм, литературэм я лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщт кьыззральхурэ ильэси 125-рэ ирикъуа Борыкъуей ТІутІи. Ар егъэджакІуэт, щІэныгъэлІт, усакІуэт.

Цагъуэмрэ Борыкъуеймрэ ятеухуа тхыгъэхэр журналым тридзащ филологие щІэныгъэхэм я доктор Хьэкіуащэ Андрей игъэхьэзырауэ.

Журналым и «Прозэ» Іыхьэм фыкьыщеджэнщ КІэбыШэ Лилэ итха «Къэнэкіафі» рассказым. Мы Іыхьэ дыдэм хэтщ «Кьаныгупсыса хьыбар» жиІэу Бэлэтокъуэ Светэ итха «Зэныкьыбзэгъуит!» тхыгъэри.

«Адыгэ хэхэс литературэ» Іыхьэм итщ Хьэтыкъуэ Умар и Іэдакъэщ]экІ новеллэхэу «Зейтунрэ щакхъуэ фыцІэрэ», «Іулъхьэ», «Аргъуей», «Шы» жыхуиІэхэр.

«Тхыдэ» Іыхьэм традзащ Къэрмокъуэ Хьэмид итха «ЛІэщІыгъуэхэм я льэужь лэжьыгъэр.

«Культурэ» Іыхьэм фыкьыщеджэнщ уэрэд Іэзэ-рыІуэхэр, рассказхэр, усэхэр зытха усакІуэ Джэдгъэф Борис теухуауэ филологие щІэныгъэхэм я доктор Хьэкіуащэ Андрей и Іэдакъэ кьыщІэкІа «Псэм и пшынальэхэр» псалъащхьэр зиІэм, апхуэдэуи зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъу, КьБАССР-м и цІыхубз артист, уэрэджьакІуэ Жылокъуэ Мухьэмэдин теухуауэ филологие щІэныгъэхэм я кандидат Хьэвжокъуэ Людмилэ игъэхьэзыра «ЛЪэужьыфІэ» тхыгъэм.

Мы Іыхьэ дыдэм итщ журналым и лэжьакІуэ НафІэдэ Мухьэмэд зи ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъуа, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист пажэхэм ящыщ, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щыхъ зиІэ я артист Балькъыз Валерэ зэреупщІахэм кьарита жэуапхэр щитхыжа «Зи ролхэр гукъинэж» тхыгъэр.

Мыбдежым фыкьыщеджэнщ Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ пажэ Балькъэр Тамарэ и ІуэхущІафэхэм ятеухуауэ Тембот Санитэ игъэхьэзыра «Театрыр зи дуней» тхыгъэм, Кавказ Ищхьэрэм гъуэзджэхэмкІэ и институтым и лэжьакІуэхэм артисткэм теухуауэ жаІа псалъэ гуапэхэм.

Филологие щІэныгъэхэм я кандидат Къэжэр Хьэмид «Кьызыхэкіа льэпкъым хуэфащэу» зыфІища Іыхьэр зытеухуар Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым и егъэджакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, урысей вузхэм щылажьэ американистхэм я ассоциацэм Америкэм и искусствэр зыдижьэм я обществэмэ хэт, Сорос Джордж и щІэкІэ щыІэ саугъэтым и лауреат Щоджэнцыкіу Нинэщ.

«Анэдэлъхубзэ» Іыхьэм итщ адыгэбзэр хъумэным, егъэфІэкІуэным теухуа и гупсысэхэр Уэрэзей Афлик кьыщІиуэта, «Ди бзэкІэ дыбгъэгупсысэ» зыфІища тхыгъэр.

«Іуэрыіуатэ» Іыхьэм традзащ нарт Батрэз и хъыбархэм щыщ зыбжанэ.

«Фэ фыщыгъуазэ?» Іыхьэм итщ Хьэкъун Барэсбий зэхуихьэсыжа адыгэ къэкІыгъэщІэхэм ящыщ зыбжанэ.

Кьыдэкіыгъуэм тетщ Мыз Ахьмэд игъэхьэзыра псалъэзэблэдзэр.

«Нур»

Сабий журналым нэгъабэ и иужьрей 12-нэ кьыдэкІыгъуэр кьыззІуех Ильэсыщ1эм теухуа напэкІуэцІымкІэ. Тхакіуэ, щІэныгъэлІ Нало Заур кьыззральхурэ ильэс 85-рэ ирикъуащ. Налом кьыщІэнащ сабийхэм яхуэгъэза тхыгъэ купщІафІэхэр. Мы кьыдэкІыгъуэм традзащ Налом цІыкІухэм яхуитха усэхэм ящыщ зыбжанэ.

Кьыкіэльыкіуэ напэкіуэцІым ит «ЩІэблэ» Іыхьэм кьыщыгъуэтынщ нэхъыфІу еджэ, адыгэбзэм, хабзэм дихьэх ныбжьыщІэ цІыкІухэм я сурэтхэр.

Адэкіэ журналым тридзащ кІахэ адыгэхэм я «Пхъэдакъэжь» таурыхьыр, Къэрмокъуэ Хьэмид игъэхьэзырауэ.

Урысейм щапхьэу, ди республикэм фІым я фІыжу кьыщыпалъытэ «Нал цІыкІу» сабий къэфакІуэ гупыр ильэс 25-рэ ирикъуащ. Ансамблым теухуауэ Текіужь Заретэ итха тхыгъэмрэ къэфакІуэ гупым траха сурэтхэмрэ итщ журналым.

Кьыкіэльыкіуэу итщ адыгэ усакІуэщхуэ Щоджэнцыкіу Алий и муэйм щытраха сурэтхэр, Щоджэнцыкіум и пхъурыльху Хьэкіуащэ Мадинэ «Си адэшхуэм и фэеплъу» жиІэу итха усэр.

Журналым фыкьыщеджэнщ Щоджэн Леонид цІыкІухэм папщІэ итха усэхэм, псынщІэрыпсалъэхэм, псалъэжьхэм.

«Сурэтыщ1 ныбжьыщІэхэр» Іыхьэм традзащ еджакІуэ цІыкІухэм ящІа сурэтхэр.

«Дэ кьытхуатх» Іыхьэм итщ Кьардэн зэкъуэшхэм я цІэр зэрихьэу Аушыджэр дэт курыт еджапІэм щІэсхэр ильэс ещанэ хьуауэ «ШколакІуэхэм я президент зэхьэзэхуэм» зэрыхэтым, абы кьыщаХьа екъулІэныгъэхэм тепсэльыхьу Жыласэ Заур игъэхьэзыра «Аушыджэр еджакІуэхэр» тхыгъэ кІэщІыр.

Таз ФатІимэ итха «Маратэ нэхъыфІхэм хабжэ» жыхуиІэр теухуащ Габулов зэкъуэшхэм я топджэгу гупыр ильэс 20 щрикъум ирихьэлІэу кьыщІэкІуэхэм ящІа сурэтхэр.

Мы кьыдэкІыгъуэм «Нурым» и гъуджэм кьюб Бахьсэн кьалэ щыщ Гъубж Даринэ.

АБЗУАН Пщымахуэ.

● Хъуэхъу

Унагъуэ лъэщ фыхъуну, Ильэсыщ1эр угъурлы фхуэхъуну Текіужь Рустамрэ Деунэж Заирэрэ дынывохьуэхъу

ФІыуэ тлъагъу Рустам! Гъащ1э гъуэзэ пхуэхъуа Деунэж Заирэрэ уэрэз эгъуныгъэрэ, хабзэрэ ямысрэ эрыпль, сабий дыхьэщх макъыр жьгъыруу щыу, зи жьэгур мыужьых, зи Іэнэгур берычэт унагъуэ лъэщ фыхъуну, фи Іуэху зехьэкІэрэ цІыху хэтыкІэкІэ фщІэрыІуэу ныбжьыщІитІым гъащ1э дахэ зэдефхьэкІыну ди гуапэщи, мурадыфІрэ хьуэпсапІэу фи гум ильыр Тхьэм кьыфхуэпищэ.

ПщІэ кьыфхуэзыщІ, фІыуэ фыкъэзыгъагъу фи Іыхьэкіэр.

● Гъэсэныгъэ

Сабийхэм ядолажьэ

Налшык дэт еджапІэхэм щагъэлажьэ «Бгырыс сабийхэр» зыфІаща проектыр. Абы «Мэшыкъуэ-2015» щІалэгъуалэ форумым и грантыр кьыхуагъэфэщауэ щытащ.

ПРОЕКТЫР зыгъэхьэзыра Щомахуэ Заурбэч щыгъуазэ дыдэрищІамкІэ, Іуэхур зыхуэунэтІар ди щІынальэм щыпсэу сабийхэм гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъхьэнырщ, лъэпкъ зэмыльэужьыгъэхэм яку мамырыгъэ дэлъын зэрыхуейр кьагурыІуэу ахэр кьэрГъэтэджыныр щ.

Псом хуэмыдэу сабийхэр драгъэхъех икІи жыджэру хагъэт лъэпкъ хабзэм теухуауэ кьызэрагъэпэщ зэпеуэхэм, джэгукІэхэм, нэгузыужь программэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Адыгэ дзэпщыр зауэм макІуэ. *Сурэтыр* **Аллан Уильям** *ищІащ. 1843 гъэ*

«Дэр-дэру»...

● Пшыхьэр

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым «Адыгэ ныбжьыщІэхэм я театр» пшыхьэр щекІуэкІащ. ХьэтІохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм къыззригъэпэща зэІущІэм тепльэгъуэхэр щагъэльэгъуащ курыт школ зыбжанэм я еджакІуэхэм.

«Жьым фымыщІи я жагъуэ!» - я гупсысэр щытепщэт тепльэгъуэм.

Урыху кьиКІа еджакІуэхэм ягъэльэгъуащ Іутіыж Борис и «Кушыкупщ» щІагъэ яІэщІэкІат. «Хасэ» Іыхьэр. Балигъхэр ерагъкІэ зыпэлъэщ тхыгъэм зэрызэрапщытар хъарзынэт, ауэ Іуэхум кьыхамыльытаи щыІэу къыщІэкІащ. Адыгэ фащэ екІуекІэ утыкум кьиухэхэм уагъэгуфІэрт. Ауэ нэм къыдэІэнэ щыуагъэ яІэщІэкІат. Кушыкупщым и ролыр зыгъэззэщІа щІалэм и кьамэпэр ижьымкІэ зэрыгъэзар зыгъэмыкІуэ нэхъыжьымрэ дагъуэ яхуищІащ. Ар иджыри зэ щІыхьэт тохъуэ адыгэ фащэм епхауэ пщІэн хуейр зэрымыкащІэм, ди тІэкІунитІэмкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэм. НыбжьыщІэхэм абы дерс къыззрыхахам шэч хэлъкъым.

Бахьсэн кьалэ дэт епплІанэ курыт еджапІэм и еджакІуэхэм ягъэльэгъуащ Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакІэ» романым щыщ теплъэгъуэ. Еджакіуэхэм ящыгъа щыгъынхэри, теплъэгъуэм щІагъэуваа макъамэри, утыкур зэрагъэщІэрщІари щыхьэт техьуэрт ныбжьыщІэхэр я гуащІэ зэремыблэжам. Пэжщ, зытепсэльыхь Іуэхугъуэ гуузыр щыкІуэхэм къагурыІуэщакъым, ар хъыбар дыхьэшхэн гуэру къызыщыхъуаи яхэтащ. Абы щхьэкІэ щІалэгъуэльагъуэм тІуэнэ яхуэпщІ хъуну къыщІэкІынукъым, сыту жыпІэмэ, театр утыкум есакъым. Ялэ лъэбакъуэр сытым дежи гугъущ.

МакъамэкІэ, уэрэдкІэ щыпсэухьыр ягъэдахащ «Къэбэрдей» джэгуакІуэ гупым, уэрэдыкІакІуэхэу Атэлыкъ Алимрэ КІэмыргуей Іэдисэр.

Къапщтэмэ, пшыхьэр хъарзынэ хъуащ, узыгъэгупсысэни узыгъэпІейтеини хэпльагъуэу. Ар, зэрыжьІащи, и ныбжьыщІэхэм папщІэ кьызэрагъэпэща пшыхьэр. Аращ «Дэр-дэру» щІысфІащари. Ялэ лъэбакъуэ ячащи, адэкІэ къыпащэмэ, ди гуапэщ.

Тхыгъэри сурэтри зейр **МЫРЗЭКЪАН Дисэщ.**

КъБР-м ЩІыхуфэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерством, Журналистхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Эльбрус» тхыль тедзапІэм я лэжьакІуэхэр «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **ЖыласэЗаурбэч ЩІэлъэуат и кьуэ** хуогъазэ абы и анэ дзлъху **Хьуэт Амлихьан Шухьиб и кьуэр** дунейм зэрехьакІэ **Ащ1ыкІуэ Къэралбий Мэсэд и кьуэр** зэрыІЛаи кьыхэкІыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ **Чеченовэ Ларисэ СультІанбэч и пхьум** хуогъазэ абы и анэ **ХьуэкІуэн Марие Хьусен и пхьур** зэрыІЛам кьыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщІэныдэж Замир», Хьэжьыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэ.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ яратъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КьыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: иолитикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пиСмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаЭта Іуэхугъуэхэм я пжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплыкІэр зэтеуэу зэныту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьныбр и пщ дольщ КъБР-м федеральэ пощт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мжъуаугъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэ хьумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щхьэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэжІыгъуэм елэмъаХэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ **Къаншокъуэ Элэ, редактор ЖьэкІэмыхьу Маринэ, корректорхэр Щоджэн Нинэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатІимэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэмъаХэр* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.662 ● Заказ №23